

ÉD

imigrasyon



Pou plis enfòmasyon, ale nan
ftc.gov/immigration



KOMISYON ECHANJ
FEDERAL

Kibò pou mwen jwenn fòm imigrasyon yo?

Ou kapab:

- ale nan www.uscis.gov/forms
- rele USCIS (imigrasyon) nan 1-800-870-3676, oubyen
- ale nan biwo lokal USCIS ou an.

Fòm imigrasyon yo gratis.

Men gouvènman ameriken ka fè ou peye yon kòb lè ou depoze fòm ou yo.

Kiyès ki ka ede mwen ranpli fòm mwen yo?

Se yon avoka oubyen yon reprezantan otorize ki ka ba ou konsèy legal osijè de ki fòm pou sèvi oubyen ki sa pou ekri nan fòm ou an. Nenpòt ki moun ka ède ou ekri sa ou di yo.

Pa peye pyès moun pou ede ou nan zafè imigrasyon si yo pa gen otorizasyon gouvènman ameriken.

Gade sou lòtbò papye sa-a pou jwenn enfòmasyon sou **avoka yo** ak **reprezantan otorize yo**.

Kijan pou mwen jwenn enfòmasyon sou avoka mwen an?

Ou ka chèche sou entènèt pou wè si avoka ke ou chwazi an se yon avoka tout bon. Epi tou ou ka aprann si avoka-a vyole okenn règleman avoka:

- Pou jwenn on lis avoka ki **pa gen dwa** pratike lwa imigrasyon ale nan www.justice.gov/eoir/discipline.htm
- Ou ka rele asosyasyon bawo leta-a pou yon avoka patikilye. Ale nan www.statebarassociations.org, epi klike sou eta kote ou rete an pou jwenn nimewo telefòn pou rele an.

Eske gen lòt moun ki ka ede mwen?

Gen de lè, moun nan kominote ou lan ka pale ak USCIS (imigrasyon) pou ou. Yo rele sa reprezante ou. Moun sa **yo pa kapab** chaje ou kòb. Anvan moun konsa ka reprezante ou, fòk fonksyonè gouvènman ameriken ki ap travay sou ka ou an aprouve moun lan.

Eske USCIS gen fòm mwen yo?

Wap bezwen resi USCIS te ba ou lè ou te depoze tout pyès ou yo. Epi:

- Ale nan www.uscis.gov, oubyen
- Rele nan 1-800-375-5283 pou pale ak Sant Sèvis Nasyonal pou Konsomatè (*USCIS National Customer Service Center*).

Yo gen lè fè magouy sou mwen. Kijan pou mwen fè konnen osijè estati imigrasyon mwen?

Ale nan www.uscis.gov. Tape nimewo resi ou an nan bwat "Case Status."

Si ou pa gen resi, pran randevou ak USCIS:

- Ale nan www.infopass.uscis.gov
- Rele Sant Sèvis Nasyonal pou Konsomatè (*USCIS National Customer Service Center*) nan 1-800-375-5283



Mwen vle fè rapò sou magouy nan zafè imigrasyon.

Magouy nan zafè imigrasyon ilegal. Rapòte li bay:

- Komisyon Echanj Federal (*Federal Trade Commission*) nan ftc.gov/complaint oubyen rele 1-877-382-4357
- Komisè gouvènman nan eta ke ou rete an. Jwenn non an nan: www.naag.org klike sou eta ou an.
- EOIR pwogram prevansyon Fwòd (*EOIR Fraud and Abuse Prevention Program*) ak abi nan (703) 305-0470 oubyen adrès entènèt EOIR.Fraud.Program@usdoj.gov

Plis enfòmasyon ou ka bay, se plis li ap ede ankètè an.

Mwen bezwen èd nan zafè imigrasyon. Kiyès ki ka ede mwen?

Kiyès ki ka ban mwen èd legal?

Sèlman moun ke gouvènman ameriken otorize ka ba ou konsèy legal. Anjeneral, sa vle di:

Yon avoka oubyen yon reprezantan otorize

Avoka yo

Yon avoka ka ede ou. Yon avoka:



ka rele yon avoka.



fòk leta oubyen teritwa ameriken oubyen District of Columbia patante li.



ka mande ou kòb pou ba ou konsèy legal.

Jwenn avoka **gratis ak bon mache**:

- www.justice.gov/eoir/probono/states.htm
- Asosyasyon bawo ameriken (*American Bar Association*)
www.americanbar.org/groups/public_services/immigration/resources/immigration_legal_service_providers_directory.html
- Rele USCIS (imigrasyon) nan 1-800-375-5283 pou avoka nan zòn ou

Jwenn lòt avoka imigrasyon **ki chaje frè**:

- Asosyasyon avoka imigrasyon ameriken (*American Immigration Lawyers Association*)
www.aialawyer.com

Reprezantan otorize yo

Yon reprezantan otorize:



pa yon avoka.



gen otorizasyon ede ou nan ka imigrasyon an.

EOIR

Oblije travay pou yon òganizasyon ke biwo ekzekitif pou revizyon nan zafè imigrasyon (*Executive Office for Immigration Review, EOIR*) rekonèt. Òganizasyon an gen dwa chaje ou yon ti kraze.

Jwenn reprezantan otorize:

- www.justice.gov/eoir/ra.html



Notè

Notè, ak notè piblik pa ni avoka ni reprezantan otorize. Gouvènman ameriken pa bay otorizasyon pou bay konsèy legal.

Pa peye pou èd legal. Ou gen dwa pèdi kòb ou.

Pou plis enfòmasyon, ale nan
ftc.gov/immigration



**KOMISYON ECHANJ
FEDERAL**

Tradiksyon an se yon koutwazi imigrasyon (USCIS)